

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina kahirupanana, manusa téh teu bisa leupas tina budaya. Budaya mangrupa hasil karya manusa nu mibanda ajén-inajén nu jadi sifat atawa kabiasaan hiji kelompok masarakat. Ngaliwatan akal pikiran katut ajén-inajén, manusa nyipta budaya. Éta ajén-inajén anu nyangkaruk dina budaya téh bisa dijadikeun sisindekelan moral pikeun kahirupan manusa. Munasabah manusa anu miboga ajén-inajén budaya saperti étika jeung moral, disebutna manusa anu *berbudaya*. Demi manusa anu *berbudaya* miboga kakuatan pikeun ngawariskeun budayana sacara turun-tumurun sangkan ngawujud hiji kabudayaan.

Folklor minangka bagian tina budaya, nu sumebar di unggal masarakat ngaliwatan média basa sacara tatalépa. Nurutkeun Dundes (dina Danandjaja, 2002, kc. 1) sacara étimologis folklor asalna tina kecap *folk* jeung *lore*. *Folk* hartina sakumpulan atawa kelompok jalma anu miboga ciri fisik, sosial, jeung kabudayaan nepi ka bisa dibédakeun tina kelompok séjénna. Sedengkeun *lore* hartina sawatara kabudayaan anu diwariskeun sacara turun-tumurun, sacara lisan atawa ngaliwatan conto anu dibarengan ku isarat. Nurutkeun Danandjaja (2002, kc. 2) folklor téh sumebar jeung diwariskeun sacara turun-tumurun, sacara tradisional dina vérsi anu béda-béda, boh wangun lisan boh wangun nu dibarung isarat.

Folklor di unggal wewengkon miboga vérsi (varian) nu béda-béda, miboga pola jeung mangpaat nu husus, logika nu teu ilahar, polos jeung tradisional. Éta hal téh lantaran teu kapaluruh saha nu mimiti nyebarkeunana, antukna folklor jadi milik balaréa. Luyu jeung pamadegan Bascom (dina Danandjaja 2007, kc. 1-5) nétélakeun yén fungsi folklor di unggal wewengkon téh di antarana salaku sistem proyeksi (*projective system*), alat pengesahan budaya (*validating culture*), alat pendidikan anak (*pedagogical device*), jeung *pemaksa* lumakuna norma-norma

sosial salaku alat pengendalian sosial (*as a mean of applying social pressure and a means of social control*).

Folklor minangka sistem proyeksi (*projective system*) nya éta, salaku alat pikeun nyingkahan pangaruh goréng globalisasi ogé modernisasi. Folklor minangka alat pengesahan budaya (*validating culture*) nya éta salaku alat pengesahan pranata-pranata jeung lembaga-lembaga kabudayaan. Folklor minangka alat pendidikan anak (*pedagogical device*), nya éta wadah pikeun ngatik barudak sangkan boga kayakinan yén karya sastra lisan téh ngandung ajén-inajén luhung pikeun bekel kahirupan. Nu pamungkas, folklor minangka *pemaksa* lumakuna norma-norma sosial salaku alat pengendalian sosial (*as a mean of applying social pressure and a means of social control*) nya éta salaku papagon pikeun masarakat loba sangkan henteu kabawa ku sakaba-kaba.

Cindekna, folklor lisan téh nya éta folklor nu murni sumebarna sacara lisan nu sifatna anonim, saperti dialék, pakeman basa, tatarucingan, puisi rahayat, kawih jeung kakawihan tradisional, pamungkas prosa rahayat. Prosa rahayat atawa carita rahayat mangrupa bagian tina folklor murni lisan anu sumebar ngaliwatan basa. Fungsi basa nya éta pikeun media komunikasi dina nepikeun sawatara hal, kaasup nepikeun sastra lisan.

Sakumaha nu geus jadi kaweruh umum, Basa Sunda mangrupa basa indung pikeun urang Sunda, boh anu mangkuk di Jawa Barat boh di saluareunana. Jumlah panyaturna ogé kaitung loba, malah kaasup basa daérah kadua panggedéna di Indonésia sabada basa Jawa. Hirup kumbuhna basa Sunda raket patalina jeung kahirupan sosial-budaya nu makéna. Ku kituna, jaba ti unsur budaya Sunda, basa Sunda mibanda fungsi jadi wahana pikeun mekarkeun budaya Sunda.

Di jaman kiwari barudak bisa disebutkeun kurang mikawanoh ajén-inajén anu nyampak dina karya-karya sastra lisan. Nu saéstuna mah dina éta karya téh mibanda kalungguhan anu luhung pikeun pangajaran hirup. Salah sahiji conto folklor lisan anu sumebar sacara tatalépa nya éta carita rahayat. Carita rahayat mangrupa *kearifan lokal* tina kabudayaan nu kudu dipertahankeun jeung dimumulé ngaliwatan lembaga pendidikan. Nurutkeun Wales (dina Rosidi 2011, kc. 29) kearifan lokal atawa *local genius* mangrupa kamampuh kabudayaan lokal dina

Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES
KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG
DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyanghareupan pangaruh kabudayaan asing nalika éta dua kabudayaan silih pangaruhan.

Rusyana (dina Isnéndés, 2014 kc.195) nétélakeun yén kearifan lokal mangrupa kamampuh masarakat dina ngolah fasilitas nu geus dibéré ku Pangéran pikeun manusa. Ku kituna ngaliwatan inventarisasi carita rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung dipiharep ajén-inajén *kearifan lokal* dina satra lisan bisa diolah jeung katepikeun ka barudak. Objék nu bakal diinventarisasi nya éta carita rahayat nu patali jeung dongéng. Ketak pikeun ngainventarisasi carita rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung téh nya éta pikeun ngaguar ajén-inajén luhung nu leubeut ku pangajaran hirup.

Ngaliwatan pangajaran di tingkatan SMP, carita rahayat anu leubeut ku ajén kahirupan téh bakal kasalurkeun ngaliwatan prosés atikan. Kegiatan pangajaran di tingkat SMP miboga fungsi lian, nya éta lain sakur tempat nyuprih élmu, tapi mangrupa hiji wadah pikeun ngalenyapan prosés jeung mekarna kabudayaan, boh budaya lokal *kearifan lokal*, nasional, boh budaya global. Di tingkatan SMP, peserta didik diwanohkeun jeung budaya nu dipimilik ku kulawarga jeung masarakatna. Lian ti éta, peserta didik diwanohkeun ogé kana budaya lokal masing-masing individu. Prosés ngawanohkeun budaya lokal pikeun peserta didik tétéla penting sabab peserta didik nyangking mangpaat tur mampuh ngalenyapan jati diri budayana sorangan.

Ku kituna, kacida merenahna saupama dilakukeun panalungtikan ngeunaan kajian struktur (adegan) carita rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung pikeun bahan pangajaran maca di SMP. Nepi ka kiwari, aya sababaraha panalungtikan anu sawanda ngaguar ngeunaan carita rahayat anu kacatet di pustaka Departemen Pendidikan Bahasa Daerah, nya éta: “Rekontruksi Carita Rayat Situs Ciburuy di Kacamatan Bayongbong Kabupaten Garut pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP” ku Rini Sri Indriani taun 2006, “Carita Rayat anu aya di Kacamatan Talaga pikeun Bahan Pangajaran di SMP” ku Yopi Gunawan taun 2009, “Struktur Carita Rayat dina Kumpulan Buku

Carita Rayat pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP” ku Dewi Rosita taun 2010, “Ngaran-ngaran Patempatan (Topomini) di Kecamatan Tanjungkerta Kabupaten Sumedang dumasar Carita Rayat pikeun Bahan Pangajaran Maca Carita Sajarah Lokal di SMP” ku Arief Rahman Wangsaputra taun 2012, “Kajian Toponimi di Wilayah Kacamatan Kersamanah Kabupaten Garut dumasar kana Carita Rayat” ku Mitha Hartati taun 2013.

Sanajan ieu panalungtikan sawanda jeung panalungtikan nu saacanna, tapi saéstuna mah aya bédana, bédana aya dina lebah objék anu ditalungtik jeung ulikananana. Objek panalungtikan nya éta carita rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung. Sedengkeun ulikanna nya éta ulikan strukturalisme unsur intrinsik.

1.2 Identifikasi Masalah jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Carita rahayat mangrupa salah sahiji warisan tina kabudayaan nu mibanda sifat *kearifan lokal*. Maju jeung mekarna jaman ngabalukarkeun carita rahayat geus teu pati dipaliré deui alatan disebut katinggaleun jaman. Padahal saéstuna dina carita rahayat ngandung ajén-inajén kahirupan anu luhung. Dina carita rahayat disebutkeun rupa-rupa hal nu euyeub ku pangalaman jeung pangajaran pikeun diconto dina kahirupan saenyana. Patali jeung ieu hal, sawatara carita rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung bisa dipesék ajén-inajén kahirupan naon waé nu nyampak dina eusi caritana ngaliwatan ulikan struktural unsur intrinsik. Sangkan bisa kapaluruh hasilna tuluy diguar dipaké bahan pangajaran maca di SMP. Nu udaganna nya éta mekarkeun kaparigelan maca jeung pangaweruh nu patali jeung carita rahayat.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha masalah nu perlu dirumuskeun jadi tilu patalékan, di antarana:

- 1) Kumaha déskripsi jeung papasingan Carita Rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung?

Muhammad Ramdhan, 2017

STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG DI SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Kumaha struktur (Adegan) unsur intrinsik dina Carita Rahayat nu aya di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung?
- 3) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan tina ieu panalungtikan ngawengku dua tujuan, nya éta: 1) tujuan umum, jeung 2) tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dilaksanakeunna ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh jeung ngadadarkeun struktur (adegan) unsur intrinsik dina Carita Rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sakumaha nu geus diébréhkeun saacanna, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaguar Carita Rahayat anu sumebar di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung anu ngajelaskeun:

- 1) Déskripsi jeung papasingan Carita Rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung,
- 2) Hasil ulikan struktur (Adegan) unsur intrinsik dina Carita Rahayat nu aya di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung,
- 3) Larapna Carita Rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung kana pangajaran maca di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku opat aspék, nya éta: 1) mangpaat tina segi téoritis, jeung 2) mangpaat tina segi kawijakan, 3) mangpaat tina segi praktis, jeung 4) mangpaat tina segi isu jeung aksi sosial.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara téoritis, ieu hasil panalungtikan bisa dijadikeun réferénsi pikeun ngeuyeuban pustaka élmu pangaweruh jeung bahan pangajaran basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Kawijakan

Sacara kawijakan mudah-mudahan ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan tinimbangan pikeun pamaréntah dina nyieun hiji kawijakan anu patali jeung kagiatan kaparigelan basa Sunda, utamana patali jeung sastra lisan. Ngaliwatan ieu kawijakan, pamaréntah dipiharep milu ilubiung dina prosés inventarisasi jeung dokuméntasi sastra lisan wangun carita rahayat ku cara ngarepitalisasi lembaga LBSS husus patali jeung basa katut sastra lisan.

1.4.3 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun jadi hiji bahan atawa media informasi pikeun nambahan pangaweruh hususna masarakat pamaca. Ngaliwatan ieu panalungtikan dipiharep bisa ngainterpretasi carita rahayat di Désa Curug Candung Kelurahan Wates Kecamatan Bandung Kidul Kota Bandung kana ulikan struktural unsur intrinsik sangkan ngahasilkeun bahan pangajaran anu jembar pikeun ngaronjatkeun kualitas pangajaran maca dongéng.

1.4.4 Mangpaat Isu sarta Aksi Sosial

Ngaliwatan isu-isu nu didadarkeun ku panalungtik mudah-mudahan hasil tina panalungtikan bisa méré motivasi sosial sangkan mahasiswa Sunda (hususna) ngarasa kahudang pikeun ngainventarisasi carita rahayat di wewengkonna séwang-séwangan, mampuh ngaronjatkeun kaparigelannana dina widang pangajaran jeung kaparigelan basa Sunda, turta nambahan pustaka élmu pangaweruh kasundaan.

1.5 Raraga Tinulis

Muhammad Ramdhan, 2017

**STRUKTUR (ADEGAN) CARITA RAHAYAT DI DÉSA CURUG CANDUNG KELURAHAN WATES
KECAMATAN BANDUNG KIDUL KOTA BANDUNG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGÉNG
DI SMP**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sistematika tulisan miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah dina nalungtik hiji panalungtikan. Ku kituna, dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan hal-hal anu éléménter jeung umum kalayan sistematika di handap.

BAB I eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu dibagi jadi dua nya éta tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan nu dibagi dua nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, sarta sistematika tulisan.

BAB II eusina ngeunaan tiori-tiori anu ngadadasaran panalungtikan sarta kalungguhan masalah nu ditalungtik dina widang paélmuan. Dina ulikan pustaka, tiori-tiori nu aya dibandingkeun sarta dipatalikeun jeung masalah anu keur ditalungtik. Salian ti ayana tiori-tiori bahan pangajaran (Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar) ogé dideudeul ku teori nu ngadadasaran dina Bab II nu patali jeung pedaran ngeunaan panalungtikan saméméhna jeung kalungguhan tioritis panalungtikan anu dilaksanakeun.

BAB III medar ngeunaan metodeu panalungtikan nu diwincik deui jadi désain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data, jeung nganalisis data.

BAB IV eusina ngeunaan hasil jeung pedaran analisis data nu patali jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, katut tiori-tiori dina Bab II.

BAB V eusina ngeunaan kumaha panalungtikan nafsirkeun hasil analisis panalungtikan. Kacindekan mangrupa jawaban tina daftar pertanyaan nu aya dina rumusan masalah. Saran atawa rékomendasi ditujukeun ka nu nyieun kawijakan, ka nu ngagunakeun éta hasil panalungtikan, jeung ka para panalungtik lianna nu rék nalungtik masalah nu sarua minangka lajuning laku tina hasil panalungtikan.